



Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**POU ONORE MWA TRANSEKSYÈL LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MEZI POE  
NOUYÒKÈ TRANSEKSYÈL YO**

***Nouvo [opòtinite finansman](#) pibliye pou elaji Fon Byennèt ak Ekite Transeksyèl &  
Non Binè Lorena Borjas la***

***Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) ak relasyon anplwaye yo pran  
mezi pou ranfòse enklizyon nan espas travay pou anplwaye eta transeksyèl yo***

***Yo pral limen moniman Eta yo ak moute drapo transeksyèl yo nan Kapitòl la pou  
onore Jounen Souvni Transeksyèl yo 20 novanm***

***Gouvènè Hochul pibliye pwoklamasyon ki deklare [Novanm Mwa Sansibilizasyon  
sou Transeksyèl yo](#)***

Gouvènè Kathy Hochul [te pibliye yon pwoklamasyon](#) ki deklare novanm kòm Mwa Sansibilizasyon sou Transeksyèl (Transgender Awareness Month) yo pou selebre kominote transeksyèl, sèks ki pa konfòme ak koinote non binè yo nan Eta New York ak atravè peyi a. Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York pral moute Drapo Transeksyèl yo nan Kapitòl la epi yo pral limen moniman istork yo an woz, blan ak ble klè lendi 20 novanm pou onore Jounen Souvni Transeksyèl yo. Gouvènè a te anonse plis aksyon eta a pou sipòte moun transeksyèl yo atravè New York.

"Mwa Konsyantizasyon Transgan yo se pa sèlman yon mwa pou selebre kontribisyon ki gen anpil valè ke kominote transeksyèl, sèks ki pa konfòme, ak kominote non binè yo te fè nan eta nou an, men tou se yon moman pou konfwonte move konsepsyon ki lakòz diskriminasyon ak vyolans kont moun transeksyèl yo." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an rete konsakre pou ranfòse resous ak pwoteksyon pou Nouyòkè transeksyèl yo pou chak moun nan eta nou an ka viv san diskriminasyon epi yo ka apresye sa yo ye."

Gouvènè Hochul te yon defansè fèm pou kominote transeksyèl, sèks ki pa konfòm ak kominote ki pa binè (gender non-conforming, and non-binary, TGNCNB) yo pandan tout administrasyon li an. Pandan Mwa Fyète 2022, Gouvènè a te siyen lejislasyon ki etabli Fon pou Byennèt ak Ekite Transjan Lorena Borjas la, ki bay 2 milyon dola nan

finansman ajans eta a pou sipòte òganizasyon ki bay sèvis ki enpòtan pou transjan, moun ki pa konfòme ak sèks, ak kominote non-binè a.

Koumansman ane sa a, Gouvènè Hochul te elaji fon sa a lè li te mande Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York pou li mete yon lòt 1 milyon dola disponib pou sipòte pwogram prevansyon swisid pou jèn TGNCNB yo. Make yon etap enpòtan nan aplikasyon pou inisyativ sa a, jodi a Gouvènè a te anonse ke Biwo Sante Mantal la se kounye a [ap mande pwopozisyon](#) pou nouvo finansman sa a, ki pral sipòte sèvis kominotè ki bay sipò ak prevansyon pou jèn ak jèn adilt ki pa jwenn ase sèvi yo ki idantifye kòm TGNCNB epi ki enkli tout moun k ap kesyone oswa k ap lite ak idantite sèks yo.

Prèske youn sou senk jèn transeksyèl ak jèn non binè te eseye touye tèt yo, dapre yon rapò 2022 ki te ibliye pa [Trevor Project](#), ki se yon òganizasyon san bi likratif ki konsantre sou prevansyon swisid ak entèvansyon kriz pou jèn LGBTQ yo. Apeprè twa ka nan jèn transeksyèl ak jèn non binè yo rapòte ke yo te fè eksperyans sentòm enkyetid, ak prèske de tyè rapòte ke yo te fè eksperyans sentòm depresyon, rapò a te jwenn apre sondaj apeprè 34,000 jèn LGBTQ ant laj 13 a 24.

Nouvo opòtinite finansman sa a devlope sou Fon Byennèt ak Ekite Transeksyèl ak Non-Binè Lorena Borjas epi li pote investisman total finansman ajans eta a nan inisyativ sa a 3 milyon dola pou ane fiskal 2024 la. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse ke Depatman Sante a pral pibliye yon opòtinite finansman pi ta nan mwa sa a an rapò ak inisyativ sa a, k ap priyore òganizasyon TGNCNB ap dirije ak anplwaye ki bay sèvis pou kominote TGNCNB akfè plizyè milyon dola nan finansman eta ki disponib pou sipòte sèvis enpòtan pou kominote sa a.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap pran aksyon pou ranfòse Eta New York kòm yon anplwayè modèl pou anplwaye TGNCNB yo. Biwo Relasyon Anplwaye (Office of Employee Relations, OER) a ap pibliye yon gid pwonon imèl bay ajans egzekitif yo, ki esplike enpòtans pwonon yo ak pi bon pratik sou itilizasyon yo.

Gid la pral ede anplwaye eta yo mete pwonon yo nan siyati imèl yo, ansanm ak anplwaye dirèk yo bay Twous Idantite Seksyèl (Gender Identity Toolkit) OER la, ki rezime pi bon pratik pou sipòte anplwaye TGNCNB yo nan espas travay la. Biwo Sèvis Jeneral la ap bay konsèy tou, ki mande ajans yo pou yo itilize yon nouvo siy estanda pou yon twalèt ki gen yon sèl lokal, san idantifye sèks nan etablisman eta oswa etablisman opere yo.

Siyalizasyon ajou a konsantre sou fonksyonalite ak aksesibilite, olye ke sou binè seksyèl, sa k ap fè twalèt yo pi enklizif ak afime nan ajans eta yo. Aksyon sa yo reprezante yon etap enpòtan nan efò kontinyèl eta a ap fè pou enklizyon tout Nouyòkè yo, enkli moun ki gen divès idantite sèks yo.

**Ofisye Divèsite Anchèf Eta New York Julissa Gutierrez te deklare,** "Pandan n ap onore epi selebre Mwa Sansibiliizasyon Transeksyèl la, mwen rekonesan pou

angajman enkondisyonèl Gouvènè Hochul pou ranfòse dwa ak rekonesans kominote transeksyèl nou yo, kominote ki pa konfòm ak sèks nou yo, ak kominote non binè yo. Lidèchip li te enpòtan pou fè pwogrè pou kontinye fè Eta New York vin yon espas travay ki pi ekitab, ki afime ak ki enklizif pou Nouyòkè transeksyèl yo ak yon anplwayè modèl pou tout moun."

Nan dat 20 novanm, drapo yo pral moute drapo transjan yo nan Kapitòl Eta New York la epi yo pral limen 16 moniman an woz, blan ak ble klè pou onore Jounen Souvni Transeksyèl yo.

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Lake Placid Olympic Center
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)